

## Deklarasyon Kont Diskriminasyon

### Lalwa defann diskriminasyon

NJ FamilyCare obeyi tout lwa li dwe swiv sou dwa sivil, epi li pa fè okenn diskriminasyon sou baz ras, koulè, nan ki peyi moun soti, si w se fi oswa gason, laj oswa andikap. NJ FamilyCare pa refize sèvi pèsonn epi li trete tout moun menm jan san gade sou ras, koulè, nan ki peyi moun soti, si w se fi oswa gason, laj oswa andikap.

#### **NJ FamilyCare :**

- Bay moun ki andikape sèvis gratis pou yo kapab kominike byen avèk nou, tankou:
  - Entèprèt ki kalifye nan langaj siy
  - Enfòmasyon ekri ki prezante sou yon lòt fòm (gwo lèt, odyo, fòm elektwonik ki aksesib, lòt fòm)
- Bay moun ki pa pale angle kòm premye lang sèvis tradiksyon gratis, tankou:
  - Entèprèt ki kalifye
  - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si w bezwen sèvis sa yo, tanpri rele 1-800-701-0710 (TTY: 711).

Si w kwè NJ FamilyCare manke founi w sèvis sa yo oubyen l fè diskriminasyon poutèt ras, koulè po, peyi natif natal, sèks, laj oubyen andikap, ou ka pote yon plent bay kowòdinatè dwa sivil NJ FamilyCare la e w ka fè sa bay : NJ Civil Rights Coordinator, NJ Department of Human Services, Office of Legal and Regulatory Affairs, P.O. Box 700, Trenton, NJ 08625-0700, 1-888-347-5345 oubyen imèl : [DHS-CO.OLRA@dhs.nj.gov](mailto:DHS-CO.OLRA@dhs.nj.gov). Si w bezwen èd pou w pote yon plent, kowòdinatè dwa sivil la disponib pou l ede w.

Ou kapab depoze yon plent pou dwa sivil nan fòm elektwonik tou, nan Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Pou Moun, Biwo Dwa Sivil (U.S. Department of Health and Human Services, Office for Civil Rights), nan Pòtay Biwo Plent pou Dwa Sivil (Office for Civil Rights Complaint Portal), ki nan adrès sa a : <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa lapòs oubyen telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services  
SW, Room 509F, HHH Building  
200 Independence Avenue  
Washington, D.C. 20201

1-800-368-1019, 1-800-537-7697 (TDD)

Ou kapab jwenn fòm pou pote plent nan U.S. Department of Health and Human Services, nan adrès sa a : <http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.

Si w pale yon lang ki pa angle, w ap kapab jwenn sèvis asistans pou lang, ki gratis. Rele 1-800-701-0710 (TTY: 711).